# *Иунæг зæрдæйы уарзт…*



*«…Мæ царды нысантæ, мæ домæнтæ, æмæ мæ царды принциптæ афтæ æндæрхуызон сты, æмæ уыдон ныртæккæйы уавæрты хъомылгæндтæй искæмæн хъарын у æнæхатыр ми, фыдзæрдæ адæймаджы ми. О, фæлæ æз уарзгæ кæнын, уарзгæ. Цыппор мин æфсымæртæй дæр тыхджындæр куы уарзын. Æз уарзгæ кæнын, æмæ мæ уымæ гæсгæ фæнды, цæмæй уыцы уарзон адæймаг æппынæдзух мемæ уа, алы сахат, алы минут йæ уындæй мæхи рæвдауон, йæ фæлмæн улæфтæй мæхи æфсадон, мæ царды алы уысм дæр ын æнæвгъауæй дæттон»*



# Фыстæг у миддунемæ рудзынг…



**«Нæй, ничи мæ уарздзæн дæ хуызæн»**
**Мæ уарзон, мæ ныййарæг мад!**

***«Æз афтæ нæ зæгъын æмæ Аннæ Александровнæмæ æз мæхæдæг цы зæрдæ дарын, уый дæр мæм афтæ у, зæгъгæ, фæлæ мæм æвзæр зæрдæ дара, уый уæвæн дæр нæй, мæнмæ гæсгæ. Бирæ истытæй ныфс æвæрын мæ бон нæу. Кæд амонд хъæздыг исбонæй у, уæд æз мæхæдæг дæр зæгъын,  ма бауадзут  Аннæ Александровнæйы  мæнæн бакомын. Кæд æмæ мæн æнæгуырысхойæ  цы уырны,уый иууылдæр раст у, уæд та уый æмæ æз равдисдзыстæм æгас дунейæн,  зæххы къорийыл амондæн уæвæн кæй ис, уый. Хорз уаид, Аннæ  Александровнæ дæр мын йæ хъуыдытæ куы бамбарын кæнид. Йæхæдæг æфсæрмы кæна – уый та зондджын ми нæ уаид – ныхас æргомæй куы цæуы»*** - фыста Къоста



*«Рæстæг ам у, сентябры куыддæриддæр вæййы, афтæ. Нæ мын фаг кæны æрмæст цы?*

*…Амонд… æрра дæн,-цæй амондмæ дзурын?-*

*Ацы рæстæджы та амондджын чиу?*

*Нæ!- Æз хуыцауæй æндæр цыдæр курын,*

*-Базон ма – циу?!,- фыста Къоста Аннæмæ 1899 азы 24-æм октябры*

Ахх, хъазгæ мæ райгæ куыд фæххæссин дæу

Нæ ницæййаг дунейæ дардмæ,

Нæ зæгъин, фæллад дæн, мæ бон хæссын нæу.

Æрдз хъусид мæ уарзыны зардмæ.

Мæ фæндыры зардмæ дæ буц сæр фæлмæн

Æруадзис мæ риуыл æнцадæй,

Фæхуыссис ды бирæ мæ риуыл мæнæн

Æмæ дæ рæвдауин мæ зардæй…

Сабыргай дын бирæ фæзарин уæд æз

Тæмæнкалгæ æрдзы хъæбысы.

Æз дын уæд фæдзурин, куыд тыхсын:



Цæй бæрц хорз у уарзын, фæллойы фæрæз,

Уд царды сæрибар куыд мысы

